

A Kuuya Kwechipiri:

❖ Tariro inofadza.

- Sezvo Jesu akavimbisa kudzoka (Joh. 14:1-3), iyi yave iri tariro yevatendi vose kusvikira nhasi (Tito 2:13).
- Chii chinoita kuti Kuuya kwechipiri kwaJesu kuve chiitiko chakamirirwa kwazvo?
 - (1) Chiratidzo chekuguma kwehurwere, kutambura uye rufu
 - (2) Zvinoreva kupera kwehurombo, kusaruramisira uye udzvanyiriri
 - (3) Kunopedzisa kurwa, kukakavara nehondo
 - (4) Kunovhura mikova yenyika yerunyararo, mufaro uye kuyanana kusingaperi naMwari

❖ Jesu achauya sei?

- Mukati mezana ramakore rechi 19, vaPurotesitendi vakamonyanisa dzidziso yokuuya kwechipiri kuburikidza nokudzidzisa kuti Jesu aizogadza humambo hwapasi hwamakore ane chiuru orugare (premillennialism), kana kuti kwaizova nenhambo yamakore ane chiuru orugare Kuuya Kwechipiri kusati kwasvika (postmillennialism).
- Zvakadaro, vavandudzi vakadzidzisa kuti mireniyumu ichatangirwa neKuuya kwechipiri, uye kuti izvi zvaizoitika:
 - (1) *Sezvazviri*. Zvakazarurwa 22:20
 - (2) *Zvichioneka*. Zvakazarurwa 1:7; Mateo 24:27
 - (3) *Zvichinzwika*. 1 VaTesaronika 4:16; 1 VaKorinte 15:52
 - (4) *Zviine kubginya*. 1 VaTesaronika 4:13-18; 1 VaKorinte 15:51-55

B William Miller:

❖ Maturikiriro eBhaibheri.

- Kubva pamashoko alsaya (Isa. 28:9-10), William Miller akasarudza kuita kuti Bhaibheri rizviturikirire.
- Kutanga kubva kuna Genesisi, akadzidza ndima yese yemubhaibheri. Kana zvainoreva zvisina kujeka, aitsvaga mhinduro mune imwe ndima yemubhaibheri.
- Paakasvika kundima dzouprofita, akawana kuti nheyo imwe cheteyo yaigona kushandiswawo ipapo:
 - (1) Zvikara zvinomiririra humambo (Dan. 7:17, 23)
 - (2) Mhepo dzinomiririra kuparadzwa (Jer. 49:36)
 - (3) Mvura inomiririra mhomho (Zva. 17:15)
 - (4) Madzimai anomiririra makereke (Iz. 23:4; 2VaKo. 11:2)
 - (5) Mazuva anomiririra makore chaiwo (Num. 14:34; Iz. 4:6)

❖ Nguva yechiporofita.

- Achifunga kuti, munguva yaMiller, Nyika yaifungidzirwa kuva senjuwari, akagumisa kuti chiporofita pamusoro pokucheneswa kwayo (Dhan. 8:14) chairatidzira nguva yokuuya kwechipiri kwaJesu.
- Akaona kuti Gabrieri akanga atsanangurira Dhanieri mashoko ose ezvaakanga aratidzwa (Dhan. 8:20-25), kunze kwemazuva 2 300 (Dan. 8:26-27).
- Mumakore akateera Gabrieri akatumwa zvakare kuzotsanangura pfungwa iyoyo kuna Danieri (Dhan. 9:21-23). Akatsanangura kuti pane imwe nguva kana kuti “ nguva yakagurwa”, uye kuti yaizotanga “kubva pakutemņa kwomurairo wokuuandudza nokuuaka Jerusarema” (Dan. 9:24-25). Kana Miller akawana urongwa uhwu, aizowana kutanga kwemazuva/makore 2,300.

❖ Uporofita hwemazuva 2,300.

- Mugore rechinomwe raArtashasta, mambo wePersia, murayiro wakapiwa wokuti Ezra aende kuJerusarema uye kuva norusununguko rwezvamatongerwe enyika rwakakwana kuti apedze kudzororwa kweguta (Ezra 7:7, 11-14, 20-21, 24-25)) Raiva gore 457 BC
- Sezvinoratidzwa nouprofita hwevhiki 70, zvakatora makore 49 kuti Jerusarema rivakwezve, uye mamwe makore 434 akapfuura kusvikira Mesiya asvika (Dhan. 9:25). Kuverenga uku kunoisa kubhabhatidzwa kwaJesu mugore ra 27 AD, uye kupera kwemavhiki makumi manomwe mugore ra 34 AD.
- Achiisa zvikamu zvekarenda yechiporofita pamwe chete, Miller akagumisa kuti Kuuya Kwechipiri kwaJesu kwaizoitika imwe nguva mugore ra1843 (uko kwaakaisa muna 1844).

UPOROFITA HWEMAZUVA 2,300

"Viki dzinamakumi manomnje dzakatemerwa vanhu rako neguta rako dzene" (Danieri 9:24)

"Kusikira madekwana namangwanani anezuru ziviri namazana matatu; ipapo nzimbo tsene icanatswa."

